

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- ENSKRIPSYON NAN JADENDANFAN
- PÈT ABILITE POU TANDE AKOZ BRI
- ENSKRIPSYON NAN HEAD START/EARLY HEAD START

MAS 2022

Bilten 14 | NIMEWO 84 |

FWA KOLÈJ MIAMI



REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

6 Avril

10:00 dimaten

Odyans Piblik sou Materyèl Enstriksyonèl

13 Avril

10:00 dimaten
Sesyon Konferans

13 Avril

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye
Komisyon Konsèy Lekòl

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te fè anpil siksè avèk retou an pèsòn Fwa Nasyonal Kolèj la yè. Dè milye elèv ak paran te patisipe nan evènman kat èdtan an kote

reprèzantan ki soti nan prèske 100 kolèj ak inivèsite te bay repons a kesyon konsènan admisyon, èd finansye, lojman, demand tès ak plis toujou.


ENSKRIPSYON NAN JADENDANFAN POU 2022-2023

Èke pitit ou ap gen senkan 1ye septanm oubyen avan? Si wi, li lè pou w aplike pou Jadendanfan pou ane lekòl 2022-2023 a! Menmsi w pa sètèn ki kote ou pral rete nan otòn sa a, oubyen ki plan w ap genyen pou lekòl pitit ou, rezève plas ou. Ou pa gen anyen w ap pèdi lè w aplike e li pi bon pou w gen yon opsyon pou otòn nan.

Vizite [Sant Akèy Vityèl](#) nou an pou w ka jwenn yon lekòl nan katye ou, eksplòre diferan opsyon pwogram, e aprann plis konsènan kondisyon pou enskripsyon.

Pitit ou merite yon fondasyon akademik solid. Enskripsyon pou Jadendanfan ouvri kounye a pou ane lekòl 2022-2023 a!

- ★ Lekòl leta Miami-Dade County se yon distri lekòl ki fè nòt A avèk yon istwa siksè ki bay prèv li.
- ★ To gradyasyon nou pou ane lekòl 2020-2021 an te 94%.
- ★ Pwofesè nou yo sètifye e yo kontinye resevwa fòmasyon pwofesyonèl.
- ★ Lekòl nou yo, ki gen akreditasyon 'AdvancED', devwe pou swen, edikasyon, aprantisaj, pwogrè ak devlopman jèn timoun yo.
- ★ Nou bay priyorite ak sante, sekirite, ak byennèt elèv ak anplwaye.



Kindergarten
2022-2023

Aprann plis nan
showupmdcps.dadeschools.net





N ap viv nan yon mond ki gen anpil bri. Chak jou, nou tande yon varyete son, soti nan vibrasyon yon refrijeratè rive nan sirèn eklatan yon machin ponpye. Pandan nou pa kapab filtre son ki pa enpòtan yo e konsantre sèlman sou sa nou oblije reponn, moun kontinye fè plis nuizans nan zòrèy moun, e mond nou an gen plis bri ladan.

Se pa sèlman konsè mizikal ak foul moun k ap fè bri ki lakoz nuizans nan zòrèy moun. Nou ka blame tou pi gwo koupab yo tankou televizyon, sechwa pou cheve, aspiratè, chen k ap jape, timoun k ap kriye, tondèz pou gazon ak sikilasyon machin. Nan majorite kay, moun yo kenbe son yo ba. Sepandan, pwoblèm nan kòmanse lè n ap itilize plizyè aparèy ki fè gwo bri alafwa oubyen lè nou oblije monte volim televizyon an pou l ka pi wo pase aspiratè a. Lè nou fè aksyon sa yo, nou ogmante nivo bri nan kay nou san nou pa reyalize sa.

Selon “Centers for Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) pèt abilite pou tande se twazyèm kondisyon fizik kwonik ki afekte plis moun nan peyi Etazini, de (2) fwa plis pase dyabèt ak kansè. Apeprè 40 milyon ameriken gen pwoblèm pou tande, 10 milyon nan ka sa yo se akòz “Noise-Induced Hearing Loss (NIHL)” (Pèt Abilite pou Tande Akòz Bri). NIHL pwogresif, li pèmanan e an jeneral li pa bay doulè. Men se sèl kalite pwoblèm nan zòrèy nou ka evite a 100 pousan!

Kisa NIHL Ye?

Inite ki mezire son yo rele desibèl. Ond ki soti nan son yo voye desibèl yo nan

selil sansoryèl ki nan zòrèy nou, e se yo menm ki pèmèt nou tande. Akòz moun pa ka tande tout frekans oubyen ton ki nan yon son, nou ka itilize yon “A-weighted decibels (dBA)” (fason zòrèy moun pèsevwa son) pou dekri son, baze sou sa zòrèy moun ka tande. Pa egzanp, yon chichotman mezire 30 dBA pandan yon konvèsasyon nòmal mezire 60-70 dBA. Nou konsidere son sa yo san danje. Lè yon son rive nan 85 dBA oubyen pi wo (egz, tondèz pou gazon, sikilasyon machin, si elektrik) pou twò lontan, li ka andomaje ti selil sansoryèl ki nan zòrèy nou, e sa ka lakoz nou pèdi abilite pou nou tande.

Akademi Odyoloji Ameriken estime genyen yon (1) timoun sou uit ki gen pwoblèm NIHL yon fason ki pwolonje e 16 pousan adolesan gen pwoblèm NIHL akòz yo ekspozè pandan twò lontan ak aparèy yo mete nan zòrèy yo pou tande son.

Akòz pèt abilite pou tande kapab afekte kapasite timoun pou devlope kominikasyon, langaj, ak ladrès sosyal, kèlkeswa mezi prevansyon, tès pou zòrèy, ak edikasyon konsènan NIHL pou adolesan enpòtan pou sante zòrèy an jeneral nan lavni. “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) egzije tès pou zòrèy pou elèv jadendanfan, premye ane ak sizyèm ane. Sepandan, nou ankouraje paran yo pou yo pale avèk pedyat pitit yo konsènan depistaj pou mezire abilite pitit yo pou yo tande, yon fason pou detekte si yo gen NIHL.

Chak ane, Òganizasyon Mondyal Lasante chwazi mwa mas kòm “World

Hearing Day” (Jounen Mondyal Odisyon) pou atire atansyon sou ogmantasyon kantite moun ki ap viv avèk pwoblèm pou tande. M-DCPS, an kolaborasyon avèk Fondasyon ‘Ear Peace Save Your Hearing’, lanse yon kanpay atravè tout distri a pou pwomote konsyantizasyon sou inisyativ sa a. Objektif la se pèmèt moun konprann efè NIHL e ofri resous sou sijè tankou pwoteksyon zòrèy, idantifye premye siy NIHL yo, ansanm ak enfòmasyon sou tès dyagnostik si nou sispèk pitit nou gen pwoblèm pou tande.

Pou plis enfòmasyon ak detay sou nivo bri ki nòmal ak sa ki reprezante danje pou zòrèy nou, vizite sit entènèt ‘Noisy Planet’ nan <https://www.noisyplanet.nidcd.nih.gov/parents/too-loud-too-long>. Pi bonè timoun ki gen pwoblèm pou tande yo jwenn sèvis, se plis chans y ap genyen pou yo atenn tout potansyèl yo. Depi w sispèk pitit ou gen pwoblèm pou l tande, pale avèk doktè . Pa pèdi tan!

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

21 – 25 Mas
Vakans Prentan

15 Avril
Jou pou Pwofesè Fè
Planifikasyon

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Ede Pitit Ou Devlope
Bonjan Abitid nan
Manje

<https://bit.ly/3vOohzv>

PÈMÈT PITIT OU BYEN DERAPE LEKÒL



Pwogram Head Start ak Early Head Start "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap aksepte aplikasyon pou timoun laj de (2) mwa rive kat (4)

ane pou patisipe nan pwogram pou ane lekòl 2022-2023 a.

Pwogram Head Start ak Early Head Start la reyalize an patenarya avèk Depatman 'Miami-Dade County Community Action and Human Services'. Li resevwa finansman federal e se yon pwogram devlopman global pou timoun, ki baze sou salè fanmi ki ap viv nan Miami-Dade County. Timoun ki gen laj ant twa (3) ane rive nan senk (5) ane kapab patisipe nan pwogram Head Start la, e paran yo ka enskri yo nan jou yo gen twazan an. Pwogram Early Head Start la sèvi

timoun laj de (2) mwa rive nan laj twa (3) ane. Timoun ki gen andikap yo nan pwogram sa a e yo resevwa yon gran varyete sèvis pou devlopman yo.

Nou ankouraje fanmi yo pou yo aplike sou entènèt lè yo vizite headstart.dadeschools.net. Fanmi yo ka kontakte tou lekòl ki pi pre lakay yo ki ofri pwogram HS/EHS pou yo ka jwenn enfòmasyon sou pwogram nan, tankou kritè elijibilite ak pwosedi pou aplikasyon. Gen yon lis lekòl ki ap patisipe ki disponib nan <https://headstart.dadeschools.net/>.

VRÈ KONSEKANS POU MOUN KI AP FÈ FO IDANTIFIKASYON




Èske ou te konnen? Fabrike, posede oubyen montre yon fo idantifikasyon se yon krim grav twazyèm degre selon Lalwa Florid. Lwa Florid 322.212, "Unauthorized possession of, and other unlawful acts in relation to, driver license or identification card" (Posede ilegalman, fè aksyon ilegal avèk yon lisans oubyen yon kat idantifikasyon) defini lwa eta a ki gen rapò ak itilizasyon ilegal lisans ak Kat Idantifikasyon (ID) e li etabli sanksyon ki gen rapò ak vyolasyon lwa sa yo. Sanksyon sa yo grav anpil e yo ka gen konsekans negatif ki dire lontan

pou moun ki fè aksyon sa yo.

Men konsekans moun ki koupab yo ap peye:

- Jiska 5 ane prizon
- Yon amand \$5,000
- Ant \$2,500 ak \$7,500 pou peye avoka plis frè pou tribinal
- Yon moun ka vòlè idantite ou
- Sa ka afekte edikasyon ou kounye a e nan lavni
- Sa ka anpeche w jwenn opòtinite nan lavni

MEDYA SOSYAL



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Doktè Jose L. Dotres
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	